

PIRING-PIRING menumpuk bagai menara membuat mata Apriyani panas. Seusai pulang menjaga anak majikan, pekerjaan rumah meneror waktu istirahatnya. Sapirin, suaminya, terus berkutat di hadapan layar gawai. Matanya menatap layar gawai, sesekali bibirnya komat-kamit tanpa suara. Kali ini, ia yakin kemenangan ada dalam tangannya. Gelegar teriakan Apriyani pun tak mampu menggoyahkan fokus Sapirin kali ini.

“Mas! Baring aja seharian, cari kerja sana!” bentak Apriyani keras.

Sapirin tidak menggubris. Lantas, pandangannya menyusuri sekeliling rumah. Barangkali ada uang receh atau barang berharga lain terselip yang bisa menghasilkan uang yang cukup.

“Barang apa lagi yang mau kau jual? Kau bilang bisa balik untung berkali lipat bila menang main slot? Dasar mulut sampah,” lanjut istrinya dengan mata membelalak.

Sapirin hampir mendaratkan kepalan tinju ke wajah istrinya. Namun, tangisan anaknya bergema memenuhi rumah. Niatnya pun diurungkan dan dilampiaskan dengan membanting pintu.

Sejak muda Sapirin adalah seorang pembalap motor. Balapan liar adalah rumah hangat tempatnya pulang kala itu. Banyak orang mengelu-elukan namanya agar menang. Namun, sebuah insiden menutup rapat kariernya. Ia pun beralih menjadi montir sepeda motor, tetapi tidak bertahan lama karena tertangkap bermain sabung ayam.

Usai bebas, Sapirin membuka bengkel. Walaupun bengkel kecil, usahanya berjalan lancar. Pengetahuan mesin dan kepiawaiannya menyétel mesin membuat banyak pelanggan datang memperbaiki motor. Nahas, usahanya harus berhenti kala pandemi datang menerpa. Selama berbulan-bulan hidup dari tabungan tanpa kerja membuat uangnya menipis. Utang yang menumpuk membuatnya menjual barang-barang berharga, termasuk cincin kawin. Dewi Fortuna memalingkan wajahnya dari Sapirin.

Duduk merenung di sebuah kedai kopi kembali membuat Sapirin tenang. Irian dangdut koplo membuatnya

rileks dan melupakan masalah. Dari arah belakang, seorang pemuda gondrong mengenakan jaket kulit hitam menghampiri Sapirin. Ia langsung duduk menyapa Sapirin.

“Wajahmu pucat, kawan,” kata pemuda itu sembari menepuk bahu Sapirin.

Sapirin *pangling* dengan wajah pemuda di hadapannya. Ia berusaha mengingat, dan kembali mencecap kopi dinginnya.

“Usman! Parlente betul gayamu,” jawab Sapirin tercengang. “Kau ke mana saja selama ini? Aku dengar kau meran-

salah satu teman Usman.

Sapirin mengangkat bongkahan barang itu dengan sigap. Peluh keringat membasahi keningnya. Semangat kerjanya menggebu-gebu sepanjang malam. Dalam waktu setengah jam, barang siap diantar. Usman kembali membagikan lembaran uang dan menyuruh buruh angkut pergi. Kecuali Sapirin.

“Kamu mengemudi, Sap,” tawar Usman. Keduanya melaju sedang menuju lokasi. Sepanjang perjalanan, Usman bersenandung sesekali melihat jam. Sapirin pun angkat suara mengenai kerjaan yang dilakukan.

“Kerja buruh, upah besar. Hebat juga kau, Man.” Sapirin membuka obrolan.

“Kalau bukan teman, susah pasti kerja begini, Sap. Risiko besar, tapi sepadan.” Tutur Usman.

Dari arah belakang, bunyi sirene mobil bergema. Empat hingga lima mobil mengejar laju truk yang dikendarai Sapirin.

“Bagaimana bisa?” gumam Usman. Truk terus melaju. Sapirin ketakutan, sekujur badannya gemetar.

“Kenapa banyak polisi, Man? Barang apa yang kita bawa?” tanya Sapirin gagap.

Lima mobil polisi itu menyamping di sisi kanan-kiri truk mencoba menghentikan. Tak lama, polisi berhasil membongkar dan menangkap Usman dan Sapirin.

Kabar tertangkapnya Usman tersiar ke berbagai penjuru. Media massa hingga televisi memuat berita terkait kejahatan gembong narkoba kelas kakap itu. Ia, langsung ditahan sembari mengumpulkan bukti lainnya.

“Akhirnya tertangkap juga, Mas. Sudah lama orang itu buron,” kata seorang polisi berpakaian preman. Polisi itu adalah sepupu Sapirin. Informasi dari Sapirin melalui telepon berhasil membongkar dan menangkap Usman. Alhasil, Sapirin mendapatkan penghargaan dan uang untuk jasanya menangkap Usman.

Dengan modal yang ada, Sapirin membuka usahanya kembali. Sapirin dibantu seorang montir lain karena banyak pelanggan yang datang. □-d

*) **Arwin Andrew**, bermukim di Samarinda, giat menulis cerita dan mengulas berbagai buku. Karyanya tersebar di berbagai media massa.



tau ke negeri seberang.”

“Lebih tepatnya aku memalsukan kematian,” ujar Usman berbisik.

“Kebetulan, aku lagi butuh orang untuk kerja kasar. Hubungi aku bila berniat.” Usman menyodorkan kartu nama. Usman berlalu dan pergi meninggalkan Sapirin sendiri.

Usai menelepon seseorang, ia pergi menemui Usman. Sapirin mendatangi sebuah truk yang sedang memuat barang. Ada tiga orang berbadan kekar serta Usman yang terburu-buru mengangkat muatan.

“Man,” bisik Sapirin.

Usman terperanjat. “Harusnya kamu *nelpon* dulu, Sap. Ini lagi kerja.”

“Angkut barang apa ini? Padat sekali.” Sapirin penasaran. Bongkahan barang dibungkus tebal dengan plastik hitam berlapis.

“Kalau mau uang, bantu kerja,” sergah

MEKAR SARI

RISTI njerit. Banjur mlayu sipat kuping. Aku, Umi, lan Maya sing lagi lunguhan sinambi guyon neng emper njenggirat. Sanalika menyat lan ngoyak Risti sing wis bablas ning-galake omah suwung kuwi .

Tekan protelon, udakara telungatus meter saka omah suwung mau, Risti mandheg. Ngadeg sinambi mbungkuk. Ambegane krenggosan. Semono uga aku, Umi, lan Maya sing nusul neng mburine.

“Heh... heh... Ngapa ta... kowe ki? Ngaget... ngaget... ti...?” pitakone Maya pedhot-pedhot, krenggosan.

“Hih! Medeni!” Risti ndhekep awake. “Ana... mripat! Meden... ni bang...!”

Sadurunge rampung anggone celathu, Risti wis ndheprok neng lemah. Tangane kekarone nutupi rai. Awake ndredheg. Aku lan kancaku loro banjur ndhodhok, ngu-pengi Risti. Ngelus-elus gegere bocah kuwi sinambi bola-bali takon “ngapa” nanging Risti pang-gah ora mangsuli.

Sorene aku crita marang Ibu yen awan mau, Risti nginjen omah suwung saka bolongan salah sajine lawang. Jebul sing katon dudu isine omah, nanging mripat! Ana mripat nempuk neng bolongan lawang. Bab kuwi sing njalari Risti njerit lan mlayu. Awit kelingan yen omah gedhe kuwi wis suwe banget suwung.

“Wis dipenging, ra kena dolan kana! Kok ya ndablegi!” wangsulane Ibu srengeng.

Weruh tangkepe Ibu, aku rada mungkret. Gandheng pikiranku kebak rasa kepengin ngerti, mula aku manekake pitakon.”Kae biyen omahe Mbah Dhalang ta, Bu? Saiki omahe sapa?”

“Omahe setan!” Ibu nggetak. Cep klakep. Digetak mengkono, sanalika aku menang. Nanging pikiranku panggah mubeng.

Miturut critane wong-wong, omah gedhe kuwi duweke Mbah Dhalang. Mesthine jaman semana dhalang kondhang. Nganti bisa



gawe omah gagah gedhe kaya ngana kae. Aku ngerti ngenani Mbah Dhalang mung saka critane wong-wong sakiwa tengenku. Utawa critane kanca-kancaku sing entuk crita saka wongtuwane utawa tangga teparone.

Jare Ibu, panjenengane seda sadurunge Ibu diwengku Bapak. Dadi aku ora menangi Mbah Dhalang. Ora tau ngerti anggone ndhalang. Omah kuwi wis suwung wiwit sadurunge aku lair.

Saka crita sing dakrungu, we-lasan taun sawise Republik Indonesia merdika, omahe Mbah Dhalang tansah ketok regeng. Tanggapan rame. Para niyaga lan wiraswara asring padha gladhen nabuh gamelan lan nembang. Ana uga sing ajar njoged. Racake bocah-bocah nom. Saliyane sing padha gladhen, ana uga sing mung jagongan sinambi nonton wong gladhen.

Ngancik rong puluh taun sawise kamardikan, omahe Mbah Dhalang tansaya regeng. Apamaneh ana Samirun lan Samijo, anak lanange Mbah Dhalang sing

grapyak lan pinter srawung. Sakawit mung kanca-kancane noman loro mau sing padha njagong neng omahe Mbah Dhalang. Suwe-suwe kanca-kancane noman mau padha ngajak kanca. Ora mung para mudha, nanging saperangan uga wong-wong di-wasa. Prasasat ora ana lerene. Pendhak bengi ana wae wong sing kumpul neng omah kuwi.

Sesorahe karo wong-wong gedhe, Saperangan gedhe sing teka lan ngrungokake sesorah kuwi, wong saka papan liya. Dene wong kampung iki, sing teka ora sepiraa.

Sesorah saya mepeng dianani. Saya akeh sing nekani. Nanging sawise geger amarga para jenderal neng Jakarta diculik lan neng kutha kene sawijine jenderal karo salah sijine andhahane ilang, omahe Mbah Dhalang malih sepi. Mamring. Ora mung tangga teparo utawa wong njaban kam-

pung sing musna wewayangane. Nanging Samirun lan Samijo uga ora ketok blegere.

Telung sasi sawise geheran kuwi, Samijo diterake mulih. Kanthi awak sing mung kari balung, sikil padha gripis, lan nyawa sing wis oncat. Ora nganti limang taun sawise ditinggal anak lanange, Mbah Dhalang sing sauntara lara nggrantes katimbal-ane dening Gusti. Wiwit kuwi omahe suwung.

Nalika aku kelas loro utawa telu SD, ana sawetara wong neka neng kampungku. Jebul jare Ibu, kuwi dudu wong anyar. Nanging wong kampungku sing likuran taun kepungkur dipikut lan digawa menyang Nusakambangan.

“Alon-alon, Le,” kandhaku marang anaku sinambi ngudhu-nake kaca mobil.

Sedhela maneh aku bakal ngli-wati omah sing biyen karo Ibu di-arani omah setan. Kelingan kedadeyan puluhan taun kepungkur kuwi aku mesem. Mbuh, kancaku isih padha kelingan apa ora. Bareng wis tambah umur lan bisa nggathuk-ngathukake, aku nggraita menawa mripat sing nginjen Risti rikala semana ora liya mripate Samirun. Sajake wong kuwi kepengin ngerti apa sing ditin-dakake aku sakanca neng emper-ane. Ndilalah anggone nginjen be-barengan karo Risti.

Durung ana sepuluh taun kepungkur, aku krungu kabar yen Samirun tinggal donya. Ora ana sing ngerti kapan sejatine wong lanang sing urip ijen kuwi ka-pundhut Gusti. Ngerti-ngerti tangga teparone opyak, ana ambu bathang saka omahe Mbah Dhalang. Wong-wong banjur marani. Neng njero omah, Samirun tinemu gumlethak tanpa nyawa.

Saiki omah setan kuwi wis ora ana tilase. Minangka gantine, madeg sawijine omah apik, cakrik anyar. *Modern minimalis*. Omahe Risti. □-d

Oase

Nurul Lathiffah

DUKA BERTUBI

Ketika duka bertubi datang, pada pelaut perempuan
:yang ramah pada ombak.

kutemukan tetes air mata,
di atas sajadahmu yang paling merdeka.
kudengar helaan jatuhnya,
setenang angin membawa gerimis di musim penghujan

lalu milik siapakah duka yang bertubi datang?
selalu dan lalu,
dialamatkan pada muara hatimu
yang menyimpan sejuk, seperti dulu

pada perjumpaan dengan kedukaan,
kau tenggelamkan rintih juga jerih
dalam alunan zikir tanpa letih

duka bertubi, tak jua engkau menepi
hanya doa tertaut
menutup lukamu yang kalut

1 September 2023

KOMPAS USIA

:untuk hatiku

jarum yang menunjuk pertambahan hari, pekan, bulan
hingga dasawarsa putaran ketiga
tak lagi menakutkan

kerut yang bertambah seiring usia
benang-benang putih yang mulai tumbuh
di balik kerudung
katamu, adalah redup yang kau rindu
buat pulang.

di setiap lembar foto yang kau temukan
:semua itu nyata!
lengkung senyum yang menjelma lipatan
lintasan masa senantiasa menjalar

kompas usia, menunjuk segalanya
jernih dan tepat.

dulu, navigasi rotasi arah usia itu
mengetukkan palu di inti hatiku
seketika nyeri kemudian membakar jiwa
:rupanya sebab aku masih takut kau tinggalkan.

Namun kini,
Dia angkat rasa takut dan cemas akan kehilangan
Kau bukan milikku, hanya amanahNya

16 September 2023

*) **Nurul Lathiffah**, lahir di Kulonprogo, 21 September 1989. Menulis puisi, cerpen, dan esai di berbagai media massa antara lain. Kini sedang menggagas kelas literasi sastra anak di Madrasah Diniyah Baitul Hikmah, Gunungkidul.

Geguritan

Em Ha Ye

TUMUS

Tumindak sapecak
Omongan saklimah
Pangangen angendhanu
Pangrasa ngaruara

Ora bakal selak
Murih ing tembe
Dadi prasasti
Ngrenggani urip kang wis kawuri
Tumrap sawenehing titah

Aja menga-mengo
Tansaha ngelar sedya
Ambabar karya
Ngudhar pamikir
Ngulir Budi
Mulat sarura angrasa wani

Dadi tuntunan
Suluh dalan padhang
Mbengkas ri bebondhotan
Kang nggubel ngruket keket
Sadalan-dalan

Kabeh bakal tumus
Jebles ing panggantha
Minangka jantraning cakra manggilingan
Nut ajune jaman kang lumaku

Tansaha eling lan waspada
Murih tumus binarkahan
Ngrenggani kamulyan
Kebak kabungahan
Nyawiji ing urip sejati